# आकाशवाणी, गोरखपुर

## दिनांक–13 सितम्बर 2026 भोजपुरी समाचार

दुइ दिवसीय ब्रिक्स सम्मेलन आजु नई दिल्ली में सफलता के साथे पूरा हो गइल। येह दौरान महत्वपूर्ण नई दिल्ली घोषणा पत्र अपनावल गइल। सम्मेलन क आजु दुसरका आ आखिरी दिन्ने भागीदार देसन के मुख्य सत्र में प्रधानमंत्री नरेन्द्र मोदी कहलें कि ब्रिक्स में ग्लोबल साउथ के देसन क भरोसा बढ़ल बा। उहां के कहलीं कि ब्रिक्स के अन्दर विकसित समाधानन क लाभ के विकाससील देसन के जरूरति के मोताबिक ढालल आ उपलब्ध करावल जाये के चाही।

**ब्रिक्स में ग्लोबल साउथ के देशों का विश्वास बढा है क्योंकि ब्रिक्स में उनकी आवाज सुनी जाती है, उनके अनुभव का सम्मान होता और सॉल्यूशन उनके लिए ही नही, उनके साथ मिलकर बनाए जाते हैं। हमारा सहयोग, हमारी प्रेरणा बने और हमारी प्रगति पूरी मानवता के काम आए।**

प्रधानमंत्री बतवलें कि सहरन के बिच्चे बढ़ियां तौर–तरीका के साझा कइले क सुविधा बदे 'ब्रिक्स अर्बन मोबिलिटी हब' क गठन कइल गइल बा।

**अर्बन मोबिलिटी हब की स्थापना की गई है। भारतीय सभ्यता में प्रकृति को मां का दर्जा दिया गया है सदियों से हमारी मान्यता रही है कि विकास और पर्यावरण एक दूसरे के विकल्प नही पूरक है। ब्रिक्स में भी हमने मानव विकास और पर्यावरण के बीच संतुलन पर बल दिया है।**

प्रधानमंत्री नरेन्द्र मोदी सम्मेलन के समापन समारोह में प्रतिभागी देसन के सहभागिता बदे आभार जतवलें।

**********

मुख्यमंत्री योगी आदित्यनाथ आजु लखनऊ के डाक्टर राममनोहर लोहिया आयुर्विज्ञान संस्थान क छठवां स्थापना दिवस समारोह में सामिल भइलें। येह मौका पर उहां के संस्थान में अंग प्रत्यारोपण यूनिट, विस्तारित क्षमता क इमरजेंसी वार्ड आ अउरियो कई गो अत्याधुनिक चिकित्सा सुविधा क लोकारपण कइलें। उहां के संस्थान में कई गो पदन पर चयनित कार्मिकन के नियुक्ति पत्रो बंटलीं। समारोह के सम्बोधित करत मुख्यमंत्री कहलें कि छौ बरिस से कम्मे समय में ई संस्थान चिकित्सा आ चिकित्सा सिक्षा क बढ़ियां केन्द्र बनि के उभरल हौ। उहां के कहलीं कि अंग प्रत्यारोपण यूनिट क सुरूआति एगो बड़हन चिकित्सा सुविधा साबित होई। मुख्यमंत्री कहलें कि चिकित्सा क्षेत्र के मजबूत बनावे बदे पछिला नौ बरिस में प्रदेस में मेडिकल कॉलेजन क एगो नया श्रृंखला खड़ा भइल हौ। समारोह में उप मुख्यमंत्री ब्रजेशपाठक कहलें कि प्रदेस में मजबूत भइल चिकित्सा सेवा मेडिकल टूरिज्मो के बढ़वले क कार कइले हौ। समारोह के चिकित्सा सिक्षा राज्य मंत्री मयंकेश्वर शरण सिंह आ संस्थान क निदेसाक प्रोफेसर सीएम सिंहो सम्बोधित कइलें।

**********

मुख्यमंत्री आजु रायबरेली के ऊंचाहार में आयोजित श्री शिवमहापुराण कथा में सामिल भइलें। येह मौका पर उहां के कहलीं कि शिव भक्ति भारत क सांस्कृतिक आ आध्यात्मिक एकता क आधार हौ। मुख्यमंत्री कहलें कि पावन कथा से मिले वाला सकारात्मक ऊर्जा समाज आ राष्ट्र दुन्नो के सक्ति देला।

**********

सासन प्रमुख के तौर पर प्रधानमंत्री नरेन्द्र मोदी क पचीस बरिस पूरा भइले के उपलक्ष्य में सतरह सितम्बर से सतरह अक्टूबर ले चलावल जाये वाला प्रदेसव्यापी 'सेवा संकल्प अभियान' क पुरहर तइयारी कइल जा रहल हौ। येही क्रम में आजु गोरखपुर में जिला क प्रभारी आ प्रदेस क जल शक्ति मंत्री स्वतंत्रदेव सिंह अधिकारी लोगिन के साथे बइठकी कइ के अभियान के कार्ययोजना पर चरचा कइलें। उहां के अभियान के दौरान कई गो विभागन के बिच्चे तालमेल बना के जरूरतमंद लोगिन के कल्याणकारी योजनन क लाभ दियवले क निरदेस दिहलीं।

**********

नीट यूजी–दुइ हजार छब्बीस के तहत प्रदेस में एमबीबीएस आ बीडीएस क राज्य कोटा के सीटिनि पर दाखिला बदे दुसरका फेरा क ऑनलाइन काउंसिलिंग बिहने से सुरू होई। चिकित्सा शिक्षा अउर प्रसिक्षण महानिदेसालय के ओरि से एकर समय–सारिणी जारी कइ दीहल गइल बा। पूरा प्रक्रिया पचीस सितम्बर ले पूरा कइल जाई।

**********

महिला टी–20 क्रिकेट एशिया कप के फाइनल में आजु दुबई में भारत क मोकाबिला मौजूदा चैंपियन श्रीलंका से होई। ई मैच भारतीय समय के हिसाबि से राति आठ बजे से खेलल जाई। सेमीफाइनल में भारत बांग्लादेस के आ श्रीलंका पाकिस्तान के हरवले रहल।

**********

प्रदेस के कई जिलन में रूकि–रूकि के बरखा क सिलसिला जारी बा। मौसम विभाग अगिला तीनि दिन ले प्रदेस के कई इलाकन में गरज–चमकि के साथे बौछार परले क अनुमान जतवले हौ। ओहीं, बरखा आ बैराजन से पानी छोड़इले के नाते प्रदेस क कई गो नद्दी उफान पर हइनि। फर्रूखाबाद, बलिया में गंगा नदी, शाहजहांपुर में रामगंगा आ अजोध्या, बाराबंकी अउर तुर्तीपार में घाघरा नदी खतरा के चीन्हा से उप्पर बहि रहलि हइनि।

**********